



Limye Pou Lekòl La

Jiyè / Out

Pa Dekouraje

Alvin Mast

Èske ou te janm eseye fè yon pwojè epi ou echwe nan pwojè sa a ? Twò souvan nou gade yon pwojè ki echwe e nou jije moun ki te eseye fè pwojè a kòm yon moun echwe e yon moun sòt paske li te eseye fè li. Èske sa pa pi bon pou eseye e echwe olye pa janm eseye ?

Yon nonm yon fwa te kanpe devan bèl chit dlo Nyagara nan Amerik. Li te remake yon atis ki t'ap eseye desine gout dlo yo ki t'ap vole.

Nonm nan te di atis la : « Ou chwazi yon sijè difisil ».

Atis la te reponn : « Tout sijè difisil pou yon nonm ki vle fè byen ».

« Men sijè pa ou la, mwen kwè li ka enposib ».

Atis la te reponn : « Ou pa gen dwa di sa toutotan mwen pa fini tablo mwen an ».

Se yon bèl lide. Pa janm di yon pwojè se yon echèk toutotan pwojè a poko echwe.

Si yon moun pa kapab akonpli pwojè li premye fwa li eseye, sa pa vle di ke li echwe. Yo echwe se lè yo refize aprann nan fot yo. Pwojè mwaye fini kapab pa yon siy echèk, depi li kapab bay lesan ki rann yon nonm kapab fè pi gwo pwojè. Anpil otè ekri anpil moso literati anvan yo finalman gen siksè. Anpil atis jete anpil tablo anvan yon finalman fè yon tablo ki bon nèt.

« Depi krich li t'ap fè a pa t' sòti byen, li kraze l', li pran tè a, li fè yon lòt krich avè l' jan li te vle fè l' la » (Jeremi 18 :4).

Ekriyen Pwovèb la di nan 24 :16 : « Paske, moun k'ap mache dwat yo te mèt tonbe sèt fwa. Pa pè, y'ap toujou leve ankò. Men, nan mekanste yo, mekan yo ap tonbe, yo p'ap ka leve ankò ». Echèk nòmal. Gade yon bebe k'ap eseye mache. Li tonbe ankò e ankò e ankò. Li tonbe paske li eseye. Nan tonbe li aprann ke ekilib li pa dwat. Li kanpe e pran ekilib li dwat. Pwochen fwa li kanpe pi lontan. Se menm bagay pou yon nonm. Li fè yon pwojè, e malgre li tonbe, li leve e eseye ankò. Konsidere wa David, li te peche men li pa t' kontinye ladan li. Li te repanti e kontinye fè Bondye plezi.


Ala tris sa ta tris si Bondye nan finisman lavi mwen ta di mwen ke mwen te abandone twò vit ! « Ou te arebò yon gran dekouvèt, men ou te abandone. Ou t'apral genyen lè ou te kite kous la ». « Annou kouri ak pasyans nan chemen Bondye mete devan nou an » (Ebre 12 :1b).

Pòl te di nan Filipyen 3 :14 : « Konsa, m'ap kouri dwat devan m' sou mak kote m' prale a, pou m' kapab jwenn rekonpans Bondye rele m' vin resevwa nan syèl la, gremesi Jezi Kris ». Kouri dwat la siyifi pouswiv, men sa kapab siyifi souffri tou. Twò souvan nou abandone pwojè nou twò vit paske yo koute twòp. Si nou kapab konprann Bondye e fè volonte Li e travay pou Li olye pou nou, nou kapab akonpli anpil. Si nou fè pwojè a pou nou menm, li kapab vin fatigan.

Lè nou atache kè nou ak kè Bondye e aplike nou nan travay poutèt Li, nou pa wè tèt nou e nou kontinye avanse nan direksyon mak la. Nou pa kapab gade Kris e tèt nou anmenmtan. Kontinye avanse se rezilta yon angajman ki sen. Nou kapab kilbite pandan n'ap avanse, men nou pa pèdi espwa. Nou kapab menm pèdi yon batay kèkfwa, men lamou Kris ede nou pa dekouraje. Diferans nan si nou abandone oubyen avanse se pisans Kris ki pouse nou. Nou pa abandone malgre nou tonbe. Nou leve paske se bon bagay pou nou fè. Nou konnen kisa rekonpans lan va ye, konsa poukisa pou nou rete nan defèt ? « Moun ki va kenbe fèm jouk sa kaba, se yo ki va sove » (Matye 10 :22b).

Pou sila yo nan nou ki echwe nan lavi a, pa abandone. Sèl fason pou ou kapab yon echèk se si ou sispann eseye. Bondye renmen ou e li gen yon gwo plan pou ou. Si Bondye rele ou, rete fèm nan pozisyon kote Li mete ou la pandan w'ap eseye ankò. « Men, ann di Bondye mès, Li menm ki fè nou genyen batay la sou lanmò gremesi Jezi Kris, Senyè nou an ! » (1 Korentyen 15:57).

Atik sa sòti nan *The Seed of Truth*, Sept. 2009



Kris ak Kilti a

E. O. Jack Jones

« Pa renmen lemond, ni anyen ki sòti nan lemond. Si yon moun renmen lemond, li pa gen renmen pou Papa a nan kè li » (1 Jan 2 :15).

Li toujou bon pou yon kretyen analize tout bagay ki nan kilti peyi li anba limyè Bib la ak ansèyman Jezi Kris yo pou Sentespri kapab ede li konprann kouman pou li konpòte li nan lafwal li. Yon kretyen pa parèt apa paske li vle pou moun wè li kòm yon moun apa sèlman, men li vle aji nan yon fason ki mennen li nan sentete e rejte tout sa ki mennen li nan peche oubyen sanble ak lemond. Kilti se kondwit, pratik, kwayans, enstitisyon ak tout lòt travay lòk ak panse lòk ki fè sosyete lòk nan yon nivo nasyonal ak lokal.

Kilti modèn bay anpil pwoblèm pou Pawòl Bondye ak lafwal nou. Kèk nan legliz yo gentan chanje kwayans yo oubyen menm rejte kèk pati nan Bib la pou yo kapab swiv kilti a ak presyon sosyal yo. Sa fèt jis pou ede detwi sosyete nou an plis toujou. Konsyans nou pa repwòch nou ankò devan pònografi oubyen bagay endesan, nou asepte lavi imoral kòm yon bagay nòmal, nou prèske pa wè diferans ant fi ak gason. Chache viv yon lavi sen se yon bagay yo kritike, e yo rive di li pa menm enpòtan pou nou sove. Rezilta a se ke peche sa yo ki kont Bondye parèt pi plis nan lemond, e nou vin gen plis imoralite nan kilti ayisyen an. Lè legliz la pa pran pozisyon l' pou kanpe fèm kont bagay ki mal, nou pèdi dènye defans lan.

Kilti a kapab chanje; se yon bagay k'ap toujou chanje nan chak sosyete. Anmenmtan Pawòl Bondye pa chanje, li pa kapab chanje, e li p'ap janm chanje nonplis malgre anpil moun ta renmen wè sa. Kilti a, pa egzant, tout tan ap mande chanjman nan estil rad, nan estil kwafi, nan atitid anè imoralite, nan maryaj ak nan kwayans annegad Bondye. Tout moun ki gentan fè kompwomi ak kwayans kretyen yo te kenbe nan dènye syèk la gentan soumèt devan kilti lemond modèn ki toujou ap chanje. Sa ki te peche san lane pase toujou yon peche jodi a.

Gen anpil pasaj nan Bib la ki anseye nou evite lemond, e kenbe kilti popilè ak bagay lemond lwen. Pawòl Jan ak Pòl yo (Korentyen) di verite sa a byen klè :

« Pa renmen lemond, ni anyen ki sòti nan lemond. Si yon moun renmen lemond, li pa gen renmen pou Papa a nan kè li. Bagay ki sòti nan lemond se egzijans lachè, se gwo tantasyon, se lògèy k'ap vire tèt moun lè yo gen anpil byen sou latè. Tout sa pa sòti nan Papa a. Se nan lemond sa sòti. Se pase lemond ap pase, ansanm ak tout sa moun jwenn ladan l' yo ta vle genyen. Men, moun ki fè sa Bondye vle, y'ap viv pou tout tan » (1 Jan 2 :15-17).

« Nou se kay Bondye vivan an, pa vre ? Se Bondye menm ki di sa : M'a vin rete, M'a viv nan mitan yo. M'a tounen

Bondye yo, y'a tounen pèp Mwen. Se poutèt sa, Bondye te di nou : Sòti nan mitan moun sa yo. Pa mele ak yo. Pa manyen anyen nou pa dwe manyen. Lè sa a, Mwen menm, M'a resevwa nou. M'a tankou yon papa pou nou. Nou menm, n'a tankou pitit gason M' ak pitit fi Mwen. Se Mèt ki gen tout pouvwa a ki di sa. » (2 Korentyen 6 :16b-18).

Amizman Pèsonèl

Kretyen an dwe soumèt tout lavi li devan otorite Senyè Jezi Kris.

Legliz te kondane teyat pwofesyonèl ak dans depi nan kòmansman menm jan li te kondane ale nan sinema. Li bon pou kretyen evite tout kalite fim ki sòti nan gwo sal sinema, swa nan videyo oubyen nan televizyon, paske yo se yon move enfluyans nan lavi yon kretyen. Tout bagay sa yo gen tandans tolere imoralite, e se la moral sosyete a te premye kòmanse degrade. Kretyen dwe pran prekosyon pou evite tout amizman ki gen vye mo, abiman ki pa modès oubyen nidite, oubyen sitiasyon ki sijere imoralite ak kòmantè ki degrade Bondye, bagay Bondye oubyen legliz Li.

Kèk pwogram radyo ak kèk liv ankouraje e fè lwanj pou kondwit ki pa dakò ak lavi kretyen an, konsa kretyen an dwe rejte yo. Sa ki konn fè amizman ak aktivite sa yo atire moun se « egzijans lachè, gwo tantasyon ak lògèy » (1 Jan 2 :16), e yo move anpil pou lavi kretyen pwòp. Sa pa etone ke lemond fè lwanj yo, e legliz kont bagay sa yo.

Kominikasyon Kretyen

Kretyen an va toujou obeyi kòmandman an ki nan Dis Kòmandman yo ki di pa derespekte non Bondye nan tout fòm sa konn fèt. Anplis, kretyen pa dwe bay madichon, ki vle di sèvi mal ak non Bondye, ni kretyen pa dwe itilize pawòl ki swete yon moun al nan lanfè oubyen voye yon bagay nan lanfè; se responsabite Bondye ki se jij nou e ki jis. Kretyen pa itilize langaj vilgè, ni malsen, ni pawòl ki sijere bagay sal.

Pwòpte ak Fanmi an

Kretyen dwe evite viv nan okenn fason ki parèt mal oubyen ki pa bon menm, tankou fònikasyon, adiltè ak relasyon pèvèti. Kilti modèn ankouraje move relasyon sa yo, e yo afebli seryezman fil moral sosyete a. E yo kont ansèyman Bib la. Bondye etabli fanmi an kòm inite debaz monn Li a. Paran dwe natirèlman vle pran swen pitit yo; yon mari dwe renmen madanm li e yon madanm dwe renmen mari li. Anpil aspè nan lavi modèn lite kont sa e anseye moun pou mete tèt yo nan premye plas; sa kont ansèyman Jezi ki anseye ke nou dwe mete lòt moun nan premye plas e renmen yonn lòt. Lè inite debaz sa a kraze, fanmi an vin anba presyon, pa mwayen sila yo ki vle satisfè pwòp lachè yo plis pase pran swen e sipòte fanmi yo. Lè sa a sosyete nou

an nan danje pou tonbe tankou ansyen sosyete yo te tonbe lè yo te abandone prensip sa a pou plezi lachè.

Modesti ak Aparans

Genyen yon tanperaman enb e kontwole tèt nou nan tout dezi kò nou se règ inivèsèl pou sila yo ki renmen Kris.

Pou konprann sijè modesti kretyen an, sa mande chache aplike pwensip Bib la pou abiman nou yo. Bib la entèdi bagay ki natirèlman ankouraje dezi lachè, abiye ak lò ou bijou, estil rad ki koute chè anpil ak estil kwafi egzajere. Apòt Pòl ak apòt Pyè patikilyèman anseye medam yo. Modesti mande pou abiye ak rad ki pa eksite dezi lachè, pou byen kouvri kò a oubyen pou pa mete rad twò sere, e pou pa itilize bagay ki makiye figi, woze bouch osinon zong, ak tout lòt pwodwi kosmetik ki pa nan amoni ak Bib la ki egzòte fanm yo pou yo dou e modere (gade 1 Pyè 3 :3, 4 e 1 Timote 2 :9). Fanm dwe pote cheve long kòm yon siy soumisyon, esepite nan sikonstans estראדינè.

Paske nou wè ke gason ki vle sanble yon fanm p'ap eritye wayòm nan (1 Korentyen 6 :9, 10), nou kapab rive konprann ke se menm bagay pou fanm ki vle sanble gason. Apòt Pòl di nou ke kondwit konsa se omoseksyalite e ke moun ki viv ladan li pa kapab nan wayòm Bondye. Gason pa dwe mete rad fanm e fanm pa dwe mete rad gason..

Gason kretyen dwe pote cheve kout pou montre yo anba otorite Bondye (1 Korentyen 11), e pou evite aparans

fanm. Menm jan ak fanm, gason pa dwe abiye ak rad ki pa modès nonplis, e yo dwe montre moderasyon e manifeste temwayaj yo ni nan kondwit yo ni nan rad yo. Modesti nan aparans anseye nan Bib la (1 Timote 2 :9) menm jan li anseye enpòtans pou evite peche dezi lachè. Dapre Jezi (nan Matye 5 :28), rad ki pa byen kouvri kò a ankouraje dezi lachè. Sa enpòtan ni pou gason ni pou fanm. Nan sosyete modèn nou an, nou dwe remake tou ke ansèyman kont lò, pèl, e rad ki koute chè a aplike pou ni gason ni fi, paske yo gen rapò ak peche lògèy ki afekte ni gason ni fanm. Se ansèyman sa a ke legliz ap pwoklame depi nan premye syèk la. Sa gen orijin li nan apòt yo, e sajès li pa kapab diskite.

Viv Sen ak Kilti a

Sentete ak lapè se karakteristik kretyen, konsa nou dwe chache toulede. Annou toujou obeye Bondye premyèman e pou tout tan. Annou kenbe yon konsyans sansib e pwòp nan tout lavi nou. Annou fè efò pou pote yon enfluyans pozitif pou Kris nan kilti nou epi deside pou kanpe pou sa ki dwat, kèlkeswa sa lòt moun ap fè. Ann deside pou byen kanpe pou sa ki bon ak sa ki dwat nan tan nou an. Sa kapab siyifi sakrifis ak pèsekisyon, men li va pou benefis nasyon nou an, monn nou an ak delivrans pwòp nanm nou.

Atik sa a sòti nan *Faith in the Future*, Summer 2009
Pibliye nan *Sword and Trumpet*, Jan. 2010
Tradwi avèk pèmision

SÈL

Joseph Gehman

Sèl se yon mineral ke yo souvan pran konsa konsa. Non sèlman li komen, men li itil anpil tou. Si nou dwe viv san sèl pou yon tan, rapidman nou va reyalize ki jan nou depann sou li.

Nou jwenn mo *sèl* anviwon karant fwa nan Bib la. Nan Levitik 2 :13 Bondye te kòmande Izrayelit yo : « W'a simen sèl sou tout ofrann w'ap fè, paske sèl la se pou fè ou chonje kontra Bondye te pase avè ou la. Wi, se pou nou mete sèl sou tout sa n'ap ofri ». Poukisa chak vyann ki te ofri te sizonnen avèk sèl ? Sèl te yon senbòl alyans ant Bondye ak Izrayèl – yon alyans ki te dire san koripsyon, tankou sèl anpeche bagay gate.

Èske ou te janm tandè pale konsènan simen sèl ? Nan Jij 9 :45, Abimèlèk te simen sèl nan lavil Sichèm apre li te venk lavil la e kraze lavil la. Poukisa li te fè sa ? Si ase sèl simen, sa ta rann tè a pa kapab sipòte lavi plant. Sa ta fè travay jaden yo difisil anpil pou sila yo ki ta eseye rebati lavil la e viv ladan. Petèt aksyon sa a te montre dezi Abimèlèk pou lavil la rete yon dezolasyon etènèl.

Sèl toujou enpòtan kòm yon ajan sizonnman pou nouriti. Jòb te poze kesyon an : « Èske bagay ki san gou kapab manje san sèl ? » (Jòb 6:6). Eseye manje yon repa ki prepare konplètman san sèl, e ou va jwenn repons Jòb la !

Sèl oubyen somi te ilize pou prezève vyann ak pwason depi tan lontan. Jodi a sèl itilize kòm yon prezèvatif nan anpil nouriti ak manje pou bèt.

Anpil lane pase, sèl te tèlman gen gran valè ke li te itilize kòm lajan. Sòlda women te resevwa sèl oubyen yon lajan pou achte sèl kòm pati salè yo. Mo *salè* sòti nan mo laten *salarium* ki siyifi « lajan sèl ». Espresyon modèn « Li pa vo sèl li » sòti nan ansyen pratik peye salè ak sèl la e literalman siyifi « li pa merite salè li ».

Lè nou panse konsènan sèl, nou souvan panse kouman li fè manje gou, men yo estime ke genyen plis pase katòz mil fason pou itilize sèl. Souvan moun sèvi ak sèl pou netwaye kote yo blese. Èske ou te konnen ke sèl kristal itilize pou fòmè pris ak lantiy pou itilize nan etid radyasyon enfrawouj ?

Yo jwenn sèl nan lanmè ak nan letan sèl (salin). Chak galon dlo oseyan genyen anviwon yon ka liv sèl. Wete tout sèl nan oseyan ta bay anviwon 7 milyon km³ wòch sèl – ase pou kouvri karant uit eta (prèske tout peyi Etazini) kole ak yon kouch sèl 2 km nan pwofondè !

Yo wete sèl nan dlo lanmè pa mwayen evaporasyon. Yo ponpe dlo lanmè nan yon gwo basen kote dlo a evapore, e

kite kristal sèl dèyè. Lè sa a yo rasanble gwo pil sèl, e apre sa pote li nan rafinri. Sèl ki sòti nan lanmè bay anviwon yon tyè sèl fen ki sèvi nan lemonn.

Yo jwenn sèl fon anba tè tou, e yo kapab jwenn li nan min obyèn nan rale sèl nan pi. Nan metòd sèl nan pi a, yo fouye de (2) pi anviwon senk san pye apa nan yon depo sèl ki anba tè. Yo vide dlo dous nan yonn nan pi yo. Dlo sa a pase nan kouch sèl la e sòti nan lòt pi a, e pote sèl avèk li. Apre sa somi sa a evapore pou pwodwi sèl fen pou moun achte e sèvi.

Kouman kretyen an dwe tankou sèl ? Menm jan sèl anpeche bagay gate, se konsa lavi kretyen mete yon

enfliyan ki ralanti degradasyon moral nan sosyete otou li. Aparans ak kondwit li dwe lakòz moun panse konsènan Kris. Si kretyen an pèdi gou li e pa dirije lemonn nan direksyon Kris ankò, « kisa ki va sale lemonn ? »

Se pou nou tankou sèl pou prezève latè pou plis nanm kapab jwenn delivrans pa mwayen san Jezi ki delivre. « Se sèl nou ye pou moun sou latè. Si sèl la pèdi gou l', ak kisa pou yo ba li gou ankò ? Li pa vo anyen ankò. Se jete pou yo voye sa jete deyò, pou moun pile sa anba pye yo » (Matye 5 :13).

Atik sa sòti nan *Home Horizons*, Mar. 2008
Tradwi avèk pèmision

Leson Nou Anseye nan Rekreyasyon

Timothy Reiff

Kèk moun panse ke lè rekreyasyon an se yon moman pou yon ti vakans tou piti kote nou pa bezwen aprann. Se pa vre ! Rekreyasyon se lè kote ou fè ti kanpe nan etid yo, men ou pa sispann aprann. Aprantisaj pa janm sispann. Petèt nan rekreyasyon nou anseye menm valè bagay ke nou anseye nan klas la. Leson rekreyasyon yo enpòtan e yo va sèvi etidyan yo pou rès lavi yo.

Annou gade kèk leson nou anseye nan rekreyasyon. Premye a se aprann ajì byen lè timoun ap jwe ansanm. Yon moun ki aprann ajì byen ak lòt moun, li pi byen prepare pou lavi. Aprann gen kè kontan menm lè ou pa genyen nan jwèt la. Yon pèdan ki kontan enpòtan menm jan ak yon gayan ki enb. (Se vre, nou jwe pou nou genyen tankou nou jwe pou nou pèdi). Nou anseye tou lè nou bay konpliman pozitif ak lè nou refize pale anpil sou sa ki pa fè nou plezi. Lè yon moun fè yon bagay ki merite felisitasyon, felisite li. Si ou renmen fason etidyan ou yo jwe yon jwèt, di yo sa.

Yon lòt leson ki bezwen anseye nan rekreyasyon se responsabiltè. Se yon bon tan, nan klas nivo pi wo, pou bay de oubyen twa responsabiltè make teren fòtbòl la, oubyen kan fòtbòl la, elatriye. Petèt ou bezwen rete anndan sal klas la kèk minit pou ede yon moun. Èske elèv yo kapab responsab ase pou òganize e kòmanse jwèt la ?

E konsènan respè yonn pou lòt ? Rekreyasyon souvan montre kouman elèv yo respekte yonn lòt. Se yon bon tan pou swiv kouman yo fè fas ak feblès e fòs yonn lòt. Èske etidyan ou yo kapab asepte ak jwa chwa ke lòt fè lè y'ap deside sou yon jwèt, oubyen èske yo gen remak degradan konsènan jwèt la oubyen moun ki chwazi pou fè li ? Èske yo santi yo menase ak talan ke Bondye bay yon lòt ?

Sa ki parèt souvan sou teren jwèt la se pwoblèm klik oubyen baryè sosyal. Veye sa ak swen. Anseye sila yo ki patisipe konsekans yon klik. Esplike kouman yo va pèdi lòt zanmi yo si yo sèlman toujou jwe ak yonn oubyen de

zanmi. Ede yo wè kouman sa enpoli e san koutwazi pou gen yon klik (yon klik se yon ti gwoup moun ki byen sèlman ak yonn lòt e pa gen anpil rapò ak lòt moun). Ou va ba yo yon leson ki va ede yo diran rès lavi yo.

Patisipasyon volontè se yon lòt leson ke ou dwe anseye nan rekreyasyon. Leson sa a, si li byen aprann, va beni etidyan nan lane k'ap vini pandan yo gen relasyon nan lavi legliz la. Èske yo aprann ki jan nou tout bezwen travay ansanm ? Èske yo reyalize ke yo bezwen tout ekip la pou fè jwèt la mache ? « Chak moun fè pwòp zafè pa li » p'ap ede yo genyen jwèt la.

Èske etidyan ou yo jwe ak bon sans epi sekirite nan lespri yo ? Ou dwe diskite règ sekirite lè ti gason yo vin twò eksite e jwe di nan fòtbòl. Èske yo voye boul la ak twòp fòs ? Ede yo jwe ak koutwazi pou santiman lòt. Yo dwe aprann pou konnen kilè pou jwe di e kilè pou jwe ak plis jantiyès. Anseye yo pou gen pasyans lè yon jenn etidyan ap lite pou tire boul la. Aprann sèvi ak bon sans epi sekirite va ede nan anpil sitiyasyon nan lavi a.

Bonte se yon pati enpòtan nan tan rekreyasyon e va nesesè lontan apre rekreyasyon fini. Jantiyès anvè lòt va toujou ede etidyan ou yo nan devlopman pou matirite kòm gason ak fanm. Règ Dò a pa janm pase mòd !

Gen rekonpans pou pwofesè a ki tout tan ap anseye leson pa mwayen pawòl ak egzanp. Lè yon etidyan di : « Ou mèt bay lòt ekip pwèn an », sa se yon rekonpans. W'ap wè rezilta leson w'ap anseye. Pandan w'ap gade etidyan ou yo ki gen matirite nan karaktè yo, fwi efò ou va parèt aklè. Se yon gwo satisfaksyon pou wè yo antre lekòl lavi a pi byen ekiye akòz leson sa yo ou te aprann yo nan rekreyasyon.

Atik sa sòti nan *The Christian School Builder*, Oct. 2009
Rod and Staff Publishers, Inc.
Tradwi avèk pèmision